



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN VAKANS FISKAL NAN TOUT ETA A SOU GAZ AK DYEZÈL

Sispansyon kèk taks sou gaz ak gaz dyezèl pwolonje jiska desanm

*Inisyativ pou bay anviwon 609 milyon dola kòm èd pou fanmi k ap travay ak
biznis yo*

25 konte te chwazi limite taks sou vant lokal yo pou chak galon pou plis ekonomi

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sispansyon kèk taks sou gaz ak gaz dyezèl yo antre anvigè jodi a, mèkredi 1 jen 2022. Taks sou gaz, taks lavant Eta a ak taks lavant Distri Transpò nan Banlye Metwopoliten (Metropolitan Commuter Transportation District, MCTD) sou gaz ak gaz dyezèl pral rete sispann jiska fen ane a. Sispansyon taks sou gaz sa pral bay yon rediksyon omwen 0.16 dola pou chak galon nan tout eta a, avèk kèk konte ki bay ekonomi adisyonèl pou chak galon.

"Pri gaz yo te ogmante nan dènye mwa yo, sa ki afekte kèk fanmi k ap travay ak ti biznis yo prensipalman epi li enpòtan pou nou bay Nouyòkè yo soulajman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan sispann kèk taks pou pwochen sèt mwa yo, New York ap bay anviwon 609 milyon dola kòm soulajman dirèk pou Nouyòkè yo -- yon gwo soulajman nesesè pou sila yo ki bezwen li plis. Nan yon moman kote fanmi yo nan difikilte akòz van kontrè ekonomik ak enflasyon, nou pral kontinye pran mezi odasye pou redui fado ekonomik sou Nouyòkè yo ak tounen pote lajan nan pòch yo".

Konte yo kontribiye nan ekonomi adisyonèl

Venn senk konte atravè Eta a te pran mezi tou pou etabli limit tanporè sou taks lavant yo chaje pou chak galon gaz ak dyezèl. Pwogram sa te otorize nan kad Bidjè Adopte Ane Fiskal 2023 Eta a:

Apati jodi a, konte Delaware, Dutchess, Erie, Monroe, Putnam, Rockland, Saratoga, Schenectady, Seneca, Ulster, Wayne ak Yates pral kolekte taks sèlman sou premye 2 dola yo chaje pou chak galon gaz ak dyezèl, kèlkeswa pri aktyèl nan ponp.

Konte Allegany, Broome, Cattaraugus, Chautauqua, Jefferson, Livingston, Nassau, Niagara, Oneida, Onondaga, Oswego, Suffolk ak Westchester pral kolekte taks sèlman sou premye 3 dola yo chaje pou chak galon gaz ak dyezèl, kèlkeswa pri aktyèl nan ponp.

Aksyon sa yo pral ekonomize Nouyòkè yo kèk santim adisyonèl pou chak galon avèk ekonomi espesifik chak kliyan tou depann de to taks lavant lokal yo ak diferans ant pri pou chak galon ak limit lokal la. Ou ka wè to taks lavant lokal yo sou kèk gaz nan konte ou an [isit la](#).

Enfòmasyon pou distribitè, gwois ak detayan yo

Gouvènè Hochul te oryante distribitè, gwois ak detayan gaz ak gaz dyezèl otowout yo pou prepare pou pwochen sispansyon nan taks sa yo. Bizni sa yo ka jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Nouyòkè yo te sibi difikilte ekonomik yo akòz konfli jewopolitik yo ak yon pandemi global. Se poutèt sa nou te sispann taks sou gaz epi, apati jodi a, ap bay travayè yo ak fanmi yo yon poz ke yo merite epi pèmèt yo kenbe lajan yo te touche anba redi yo nan pòch yo. Mwen fyè pou mwen te dirije majorite Sena a pou travay avèk Gouvènè Hochul ak Prezidan Asanble Heastie pou sipòte konsomatè New York yo pandan moman ekonomik ki pa sèten sa yo".

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Pandan pri gaz yo kontinye bat rekò, Majorite Asanble a rete angaje pou bay soulajman pou fanmi ak ti biznis nan New York yo. Mwen espere ke sispansyon taks sou gaz ke eta a ak sèten konte etabli pral soulaje kèk presyon ekonomik pandan fanmi yo ap prepare pou vakans ete yo epi pou biznis yo ap reprann yo apre enpak ekonomik pandemi an".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Pa gen dout ke fanmi atravè Long Island te santi doulè a nan ponp epi jodi a, soulajman isit la. Limit taks sou gaz Konte Suffolk, ansanm ak limit Eta New York la, pral tounen mete lajan nan pòch rezidan nou yo epi bay chofè yo soulajman ki nesèsè anpil nan ponp. Chak pyès lajan enpòtan epi n ap kontinye fè sa nou kapab pou ede rezidan nou yo nan moman difisil sa yo".

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Kòm youn nan sèl konte Southern Tier ki limite taks sou gazolin, kounye a nou pral gen kèk nan pri gaz ki pi ba nan eta a. Mwen ankouraje tout chofè k ap pase nan Konte Broome ak vwazen nou yo nan Tioga ak Chenango pou yo kanpe isit la pou ranpli tank yo. Mwen apresye lidèchip Gouvènè a, ak patnè mwen yo nan Lejislati Konte a paske yo te pran aksyon rapid ki ede remèt lajan nan pòch rezidan nou yo".

Prezidan Chanm Lejislatif Konte Schenectady, Anthony Jasenski, te deklare, "Redui taks sou gaz Eta a ak Konte se bagay ki kòrèk nou dwe fè pou fanmi nou yo,

anpil ladan yo gen difikilte pou siviv akòz depans pou manje, gaz ak lòt nesesite yo k ap ogmante. Pandan kòz rasin defi rezidan nou yo ap fè fas chape anba kontwòl nou, eta a ak konte yo dwe aji pou fè sa nou kapab pou ede redui difikilte sa yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi sa a pou bay kèk soulajman pou rezidan nou yo, epi paske li te bay Konte Schenectady kapasite pou fè sa tou".

George Latimer, Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Tout chofè nan Konte Westchester remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan diminye doulè nan ponp. Ekonomize lajan sou vwayaj machin ou chak jou ka fè yon gwo diferans - epi diferans sa a ka akimile yon fason konsiderab pi devan espesyalman pandan mwa kondui ete yo. Isit la nan Konte Westchester n ap fè sa nou kapab lokalman, epi tout Nouyòkè nan tout eta a apresye ekonomi enpòtan ak alè sa a".

Chèf Egzekitif Konte Oneida, Anthony Picente, te deklare, "Enflasyon k ap monte a ap gen yon enpak devastatè sou bidjè fanmi k ap travay yo ak moun ki bezwen èd. Ansanm, avèk Konsèy Lejislatè yo, nou limite taks sou lavant gaz konte nou an nan 3 dola pou chak galon, epi mete ak sispansyon taks eta sou gaz, sa pral lakòz yon ekonomi aktyèl apeprè 25 santim pou chak galon pou rezidan nou yo. Nou espere ke aksyon sa a pral bay yon ti soulajman pou moun k ap lite pou yo siviv nan moman ekonomik sa ki boulvèse sa yo."

Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Pat Ryan te deklare, "Nou konnen presyon tout moun santi kounye a ak pri gaz rekò ak enflasyon rekò yo, epi se poutèt sa nou fyè dèske nou te redui taks sou gaz konte a nan 50%. "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm sa a. Ansanm, n ap travay anpil pou reponn ak ijans moman sa a pou nou ka bay soulajman pou rezidan konte Ulster yo.

Leslie Church, Prezidan Lejislati Konte Yates la, te deklare, "Lejislati Konte Yates la kontan pou li rejwenn nèt lòt konte nan Eta New York ki limite taks lokal sou lavant gazolin nan maksimòm 2 dola pou chak galon. Akòz enflasyon tèlman wo kounye a epi achte gaz se yon nesesite konsa, yon ti poz nan ponp se te yon chwa lojik pou bay rezidan nou yo yon repo finansye imedyà, ansanm ak anpil vizitè Konte nou an".

Theodore T. Kusnierz, Jr., Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Saratoga ak Sipèvizè Vil Moreau, te deklare, "Konte Saratoga kontan pou li rejwenn Eta New York pou bay ti soulajman anplis sa pou otomobilis yo. Kèlkeswa se ekonomi nan ponp oswa bay to taks sou pwopriyete ki pi ba ak to taks sou lavant ki pi ba nan tout Eta New York, Konte Saratoga ap pran tout mezi posib pou redui fado kriz enflasyon nan tout peyi a sou kontribyab nou yo".

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Livingston ak Sipèvizè Vil Caledonia, Daniel L. Pangrazio, te deklare, "Konte Livingston depann de jenerasyon taks sou lavant kòm yon pati nan bidjè fonksyonman li. Sepandan, pri gaz k ap monte ak taks adisyonèl ki jenere apati li pa ta dwe fèt nan koute rezidan nou yo chè. Lavant gazolin yo jenere yon pousantaj enpòtan nan koleksyon taks sou lavant jeneral nou, kidonk pandan n ap fè

fas ak pwòp depans nou yo k ap monte, konnen mezi Konsèy Sipèvizè Konte w la pran se yon apèl pou aji pou kapab ede".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)